

Si ou dwe pran konje nan travay ou pou pran swen yon moun nan fanmi ou, ou gen dwa pou ou jwenn avantaj Konje Peye pou Fanmi.

Konje Peye pou Fanmi an se yon asirans anplwaye yo finance ki bay anplwaye ki kalifye yon pwoteksyon nan travay yo, konje peye pou:

- **KREYE LYEN** avèk yon timoun ki fèk fèt, yo adopte oswa ki nan fanmi dakèy;
 - **PRAN SWEN** yon fanmi ki gen yon pwoblèm sante grav (ale sou [paidfamilyleave.ny.gov](https://www.paidfamilyleave.ny.gov) pou manm fanmi ki kalifye); oswa
 - **EDE** moun ki pwòch yo lè yo voye yon mari/madanm, moun ki nan plasaj, pitit oswa paran aletranje nan kad sèvis militè aktif.
- Epitou, Konje Peye pou Fanmi an kapab disponib pou itilize nan sitiyoasyon kote ou menm oswa minè ki sou kont ou an oblije rete an karantèn oswa nan izòlman akòz COVID-19. Ale sou [PaidFamilyLeave.ny.gov/COVID19](https://www.PaidFamilyLeave.ny.gov/COVID19) pou tout detay yo.

Kalifikasyon:

- Si ou gen yon orè travay ki se 20 èdtan oswa plis chak semèn, ou kalifye apre 26 semèn youn apre lòt ou fin fè ap travay pou patwon ou an.
- Si ou gen yon orè travay ki mwens pase 20 èdtan chak semèn, ou kalifye apre ou fin fè 175 jou ap travay pou patwon ou an, epi ou pa bezwen fè jou yo youn apre lòt.

Estat Sitwayènte oswa imigrasyon pa yon faktè pou kalifikasyon ou.

Avantaj:

Ou kapab pran jiska 12 semèn Konje Peye pou Fanmi epi resevwa 67% nan mwayèn salè chak semèn ou an, ki garanti a 67% nan Mwayèn Salè Chak Semèn pou Eta New York la. An jeneral, mwayèn salè chak semèn ou an se mwayèn salè pou uit (8) dènye semèn ou yo anvan ou te kòmanse Konje Peye pou Fanmi an. Ou kapab pran konje a yon sèl fwa oswa detanzantan, men, ou dwe pran li nan tranch yon (1) jounen konplè.

Dwa ak Pwoteksyon:

- **Pwoteksyon travay:** Retounen nan menm travay la oswa youn menm jan an apre konje a.
- Kenbe **asirans sante** ou a pandan ou an konje (ou kapab kontinye peye kotizasyon pa w la pou depans prim yo, si genyen).
- Patwon ou an **pa gen dwa fè diskriminasyon oswa reprezay** kont ou lefètke ou mande oswa ou pran Konje Peye pou Fanmi.

Diskisyon:

Si yo refize demann Konje Peye pou Fanmi ou an, ou kapab mande pou yon abitraj ki net egzamine refi a. Konpayi asirans nou site anba a ap ba ou enfòmasyon sou fason pou fè demann abitraj la.

Plent pou Diskriminasyon:

Si patwon ou an kanpe travay ou, li diminye sou salè ak/oswa avantaj ou yo, oswa li disipline w nan kèlkeswa fason an poutèt ou te mande oswa pran Konje Peye pou Fanmi, ou kapab suiv etap sa yo pou mande pou ou retounen nan plas ou:

1. Ranpli *Fòm Demann Re-entegrasyon Anrapò ak Konje Peye pou Fanmi an (Fòm PFL-DC-119)*.
2. Voye fòm tou ranpli ou an bay patwon w epi voye yon kopi fòm tou ranpli a bay:
Paid Family Leave, P.O. Box 9030, Endicott, NY 13761-9030
3. Si patwon ou pa retounen ou nan plas ou oswa li fè lòt aksyon pou korije w nan espas 30 jou apre yo, ou kapab depoze yon plent pou diskriminasyon devan Komisyon Konpansasyon Travayè a lè ou itilize *Plent pou Diskriminasyon/Reprezay akòz Konje Peye pou Fanmi (Fòm PFL-DC-120)*. Komisyon Konpansasyon Travayè a ap rasanble dosye ou a epi li ap fikse yon odyans.
4. Gen lòt lwa nan Eta ak federal ki pwoteje anplwaye yo kont diskriminasyon. Gen plis enfòmasyon ki disponib nan [PaidFamilyLeave.ny.gov](https://www.PaidFamilyLeave.ny.gov).

Pwosesis pou Mande Konje Peye pou Fanmi:

1. Fè patwon ou konn sa omwen 30 jou alavans, si ou prevwa sa, oswa kou sa posib.
2. Ranpli *Demann Konje Peye pou Fanmi (Fòm PFL-1)* la epi soumèt li bay patwon ou.
3. Ou dwe soumèt dosye demann ou an ki ranpli bay konpayi asirans patwon ou an nan espas 30 jou apre ou fin kòmanse konje ou a pou ou pa pèdi avantaj ou yo.
4. Nan pifò ka, konpayi asirans lan dwe peye oswa refize bay avantaj yo nan espas 18 jou apre li fin resevwa demann ou an ki ranpli oswa nan premye jou konje ou a, piske yo ap kenbe dat ki pi ta a.

Ou kapab jwenn tout fòm yo nan men patwon ou, konpayi asirans li a nou site anba a, oswa anliy nan [PaidFamilyLeave.ny.gov/Forms](https://www.PaidFamilyLeave.ny.gov/Forms).

Pou plis enfòmasyon, pou fòm yo ak enstriksyon, ale sou [PaidFamilyLeave.ny.gov](https://www.PaidFamilyLeave.ny.gov) oswa rele Liy Èd PFL la (844)-337-6303

Enfòmasyon sa a se yon prezantasyon senplifye sou dwa ou genyen jan Seksyon 229 Lwa sou Avantaj pou Andikap ak Konje Peye pou Fanmi an mande sa. Konpayi asirans patwon ou pou avantaj Konje Peye pou Fanmi an se:

SE PREZIDAN KOMISYON KONPANSASYON
TRAVAYÈ A KI PRESKRI LI
NYS Paid Family Leave
PO Box 9030, Endicott NY 13761